

ABSTRAK

Imas Fitriyani. 2019. **Ngaronjatkeun Kaparigelan Literasi Informasi Siswa ku Pamahaman Konsép Matéri Virus dina Pangajaran Biologi anu Nyoko kana *Wikipedia***. Pangaping I Dra. Hj. Lilis Suhaerah, M.Kes jeung Pangaping II Ida Yayu Nurul Hizqiyah, S.Pd., M.Si.

Tujuan ieu panalungtikan pikeun mikanyaho ngaronjatna kaparigelan literasi informasi ngagunakeun pangajaran anu nyoko kana *wikipedia* ku pamahaman konsép matéri virus. Méthode anu digunakeun nyaéta *Pre-Experimental Design* kalawan desain panalungtikan *One-Group Pretest-Posttest Design*. Subjék tina ieu panalungtikan ditangtukeun ku téhnik *purposive sampling*, nyaéta siswa kelas X MIPA-2 di SMAN 19 Bandung semester ganjil taun ajaran 2019-2020. Hasil panalungtikan dina aspék kognitif anu kacangking nyaéta skor rata-rata *pretest* 60, skor rata-rata *posttest* 80, jeung tina hasil uji N-Gain kacangking skor 0,49 kalawan katégori sedeng. Ari hasil kaparigelan literasi informasi kacangking skor rata-rata 85,76% kalawan kategori hadé pisan. Anapon angkét réspon siswa kana pangajaran, kacangking skor rata-rata 74,44% kalawan katégori hadé. Satuluyna, hasil panalungtikan dina aspék aféktif nyangking skor rata-rata 82% kalawan katégori hadé pisan, sarta aspék psikomotor nyangking skor rata-rata 70,93 kalawan katégori hadé. Tina data hasil panalungtikan, bisa dicindekkeun yén pangajaran anu nyoko kana *wikipedia* bisa ngaronjatkeun kaparigelan literasi informasi jeung pamahaman konsép matéri virus.

Kecap Galeuh: Literasi informasi, *Wikipedia*, Virus.